

Kisa k ap pase nan lekò leta NYC

[اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية](#) | [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#) | [查看本文件的中文版](#) |

[Consultez ce document en français](#) | [Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen](#) |

[이 문서를 한국어로 보기](#) | [Consulte este documento en español](#) |

[Перевод документа на русский язык](#) | [به دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#)

schools.nyc.gov/messagesforfamilies

Semèn 12 desanm 2022

Pandan n ap antre nan sezon ivè a, nou ka gen tanpèt nèj oswa lòt kondisyon move tan ki oblije nou fèmen bilding lekòl yo pou jounen an. Ane sa a, si yo fèmen bilding lekòl leta Vil Nouyòk akòz move tan, **ap gen aprantisaj adistans nan jou sa yo**. Y ap atann pou elèv ki nan kindergarten ak lòt klas pou konekte epi patisipe nan klas yo lakay yo. Timoun k ap patisipe nan LYFE oswa nan yon pwogram 3K oswa Pre-K nan yon lekòl primè oswa yon Sant Pre-K ta dwe patisipe nan eksperyans aprantisaj adistans dapre sa pwogram yo mete a.

Kapasite nou pou anseye ak aprann adistans atravè sistèm lan pèmèt nou kontinye travay avèk elèv nou yo menm lè bilding lekòl yo fèmen. Menm jan avèk ane avan yo, y ap fè w konnen lè bilding lekòl Depatman Edikasyon NYC (DOE) fèmen akòz move tan, epi lekòl ou a ap ba w enfòmasyon anplis. Tanpri pa ezite kontakte direktè lekòl ou a si w gen nenpòt kesyon.

Pou ede fanmi prepare, lèt sa a eksplike kòman pou jwenn aksè nan zouti ak platfòm aprantisaj yo epi kòman pou asire ou resevwa dènye enfòmasyon konsènan fèmti bilding lekòl ak lòt nouvèl enpòtan ki soti nan Lekòl leta Vil Nouyòk.

Anplis, n ap pataje rekòmasyon ki ajou sou mete mask nan lekòl ak nan lòt anviwònman ki andedan, akòz gwo pousantaj grip ak lòt viris respiratwa, tankou viris respiratwa sinsityal (RSV), sezon sa a.

[Aprantisaj adistans](#)

Aparèy ki pèmèt ou konekte nan entènèt (Internet-Enabled Devices)

Pou patisipe nan aprantisaj adistans, elèv yo pral bezwen jwenn aksè nan yon konpitè, laptop, oswa iPad ki ka konekte nan entènèt. Si pitit ou a pa gen yon aparèy ki pare pou entènèt lakay ou, ou ka mande prete yon aparèy DOE nan lekòl ou a. Si pitit ou a bezwen yon aparèy DOE, tanpri mande lekòl ou a kounye a, pou asire

fanmi ou prepare; pa tann se lè lekòl la fèmen pou move tan an. Ou ka jwenn konsèy sou fason pou kòmanse itilize iPad oswa laptop DOE prete w la nan schools.nyc.gov/ipad.

Kont elèv DOE

Elèv yo ka jwenn aksè nan tout platfòm teknoloji DOE yo pral bezwen pou aprantisaj adistans atravè **kont DOE** yo, ki kreye otomatikman lè pitit ou a enskri lekòl. Ou ka jwenn aksè nan kont DOE pitit ou a lè w konekte nan [TeachHub](https://teachhub.schools.nyc) (teachhub.schools.nyc) avèk non itilizatè ak modpas lekòl ou a te bay. (Si w gen dout sou non itilizatè ak modpas_pitit ou a, tanpri ale sou selfservice.schools.nyc oswa mande lekòl ou a pou ede w.) Apati sa, elèv ak fanmi ka konekte nan tout aplikasyon DOE avèk yon sèl klike. Pami platfòm yo ou jwenn:

- TeachHub
- Google for Education (including Google Classroom)
- iLearnNYC
- Microsoft Office
- Zoom

W ap jwenn plis enfòmasyon sou kont DOE yo nan schools.nyc.gov/studentaccounts.

Sipò pou teknoloji

Èske w gen pwoblèm avèk yon aparèy DOE oswa yon platfòm aprantisaj sou entènèt? Nou ka ede w! Ou ka jwenn repons pou anpil kesyon senp oswa ouvè yon tikè sipò nan SupportHub: supporthub.schools.nyc.

Rete konekte

Kont Lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools, NYCSA)

Youn nan fason ki pi fasil pou aprann sou fèmti bilding lekòl yo se atravè kont Lekòl Vil Nouyòk ou oswa NYCSA: schoolsaccount.nyc. Si w poko gen yon kont NYCSA epi w vle jwenn plis enfòmasyon, ale sou schools.nyc.gov/nycsa. Nou ankouraje tout fanmi pou yo kreye yon kont NYCSA pou ka rete konekte avèk lekòl ou, suiv nòt pitit ou a fè, epi resevwa lòt nouvel ak enfòmasyon enpòtan tankou alèt sou fèmti bilding yo.

Lekòl Leta Vil Nouyòk sou Entènèt

Rete okouran sa k ap pase nan lekòl leta Vil Nouyòk! Tcheke sitwèb nou an epi suiv @NYCSchools nan medya sosyal pou tout dènye nouvel yo—tankou enfòmasyon ijan sou fèmti bilding lekòl—apati Depatman Edikasyon Vil Nouyòk. Men kote pou jwenn nou:

- Sou sitwèb ofisyèl nou an: schools.nyc.gov

- Nan Twitter: twitter.com/nycschools
- Sou Facebook: facebook.com/nycschools
- Sou Instagram: instagram.com/nycschools

Mizajou sou konsèy sou mask pou elèv ak fanmi yo

Sekirite elèv ak estaf nou yo se premye priyorite ak priorite ki pi enpòtan pou nou. Avèk pousantaj viris grip ak lòt maladi respiratwa ki wo anpil pandan n ap antre nan sezon ivè a, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (DOHMH) pibliye yon rekòmandasyon inivèsèl pou moun mete lè yo andedan bilding (nyc.gov/site/doh/about/press/pr2022/health-department-issues-commissioners-advisory.page), ladan lekòl ak sant gadri yo.

Kòm toujou, nou suiv konsèy ekspè nan sante nou yo, epi sou rekòmandasyon patnè nou yo nan DOHMH, **nou ankouraje chak elèv ak manm estaf lekòl la pou yo mete yon mask ki byen chita sou figi yo lè yo andedan bilding yo.** Tout lekòl nou yo gen mask disponib--si pitit ou a bezwen yon mask, li ta dwe kontakte manm estaf lekòl la pou ede l. Nou ankouraje tou pou tout manm kominote lekòl nou an rete ajou avèk vaksen yo, ladan vaksen grip ak COVID-19.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou prekosyon sante ak sekirite COVID-19 ak konsèy nan lekòl leta Vil Nouyòk yo, tanpri ale nan schools.nyc.gov/covid19.